



# Amyant/Asbestòs

Updated 8/1/19

## Kisa ki amyant?

- Amyant se yon mineral ki nan lanati.
- Li anjeneral koulè blan oswa gri.
- Li kapab sanble ak katon, koton, plat oswa ajil.  
Li kapab tou andedan lòt bagai.
- Li fèt ak ti fib piti tankou zegui ke ou pa kapab wè.



## Ki kote yo jwenn amyant?

- Amyant se yon bon materyo izolatè ki te itilize nan anpil pwodui tou dènyèman tankou an 1989, epi ki egziste toujou jodi a.
- Kote ou kapab jwenn amyant ce lan tiyo ak chodyè izolatè, bado, tuil, twati, ak sèten adezif.

## Kijan pou m fè konnen si kay mwen genyen amyant?

- PA touche okenn bagay ou panse ki gen amyant.
- Si ou enkyete ke yon bagay se yon danje amyant, rele **617-534-5965** pou mande yon enspeksyon.



## Èske amyant kapab lakòz pwoblèm sante?

Wi. Lè amyant la andomaje oswa deranje, ou kapab respire ti fib piti yo nan poumon ou.

- Amyant kapab koze maladi tankou kansè nan poumon ak sikatris nan poumon yo, ki rele asbestòz.
- Apre ou te fin ekspoze a amyant, li kapab pran anpil ane pou yon maladi devlope.
- Si ou te ekspoze a amyant, fimen ogmante risk ou pou fè kansè.

## Kay mwen genyen amyant. Kisa mwen dwe fè?

- PA manyen li. PA eseye retire li poukout ou.
- Si li pa andomaje (yo rele sa tou 'entak'), ou kapab kite li san manyen li oswa rele yon kontraktè pou retire li.
- Si li se andomaje oswa deranjé, rele yon kontraktè ki lisansye nan amyant pou retiré li. Pou jwenn yon kontraktè ki lisansyé, vizité [www.state.ma.us/dos/](http://www.state.ma.us/dos/).
- Kontraktè w la dwe jwenn yon pèmi nan BPHC. Mande yon kopi pèmi sa a pou dosye ou yo. Mande yon kopi pèmi sa a pou dosye ou yo.
- Li ilegal pou retire amyant san lisans. Li danjere pou sante w epi li koute chè pou netwaye l.

